My Score

Javanese Midtest Preparation

"Traditional Games"

Name :
Grade :
Date :

Bismillahirrahmaanirrahiim

Festival Dolanan Tradhisional

Jam enem esuk Bima lan Rini wis sarapan. Dina iki bocah lo ro budhal luwih esuk. Bima lan Rini arep melu *Festival* Dolanan Tradhisional ing alun-alun kabupaten. Bima lomba egrang, Rini melu dhakon lan gobag sodor.

"Jam pira mengko budhale?" pandangune Ibu.

"Jam setengah pitu, Buk. Mangke rombongan saking sekolahan" wangsulane Rini.

"Bima wis trampil ta, egrangan?" Pak Wibawa, bapake urun pandangu.

"Woo.. inggih sampun ta, Pak! Yen latihan kula mesthi menang lo, Pak!"

"He.. he.. ya syukur. Ning ora pareng ngremehake liyan lo ya! Sapa bae mungsuhe, sing penting main sing apik, sing *sportif*. Menang, kalah iku ketemu buri. Sing penting tambah pengalaman, tambah kanca, le!"

"Inggih, Pak. Donga pangestunipun, mugi-mugi kula juwara!"

"Dolanan tradhisional saiki dilestarekake lo, Pak" sumambunge ibune Bima.

"Iya, sebab pancen akeh gunane. Bocah dadi guyub rukun, dolanan bebarengan tanpa rasa serik lan tukaran, sebab ana tata aturane"

"Kula nggih tambah sehat, Pak. Nedha kula dados kathah, sebab dolanan egrang niku saged kringeten" kandhane Bima.

Kabeh melu ngguyu, karo nyawang Bima sing lemu iku.

Bocah loro katon seneng banget. Dina iki alun-alun bakal rame. Bima lan Rini bakal weruh lan melu dolanan yoyo, gangsingan, gobag sodor, engklek, dhakon, betengan, egrang, lan liya-liyane.

Nalika pandom jam nuduhake jam 06.15 menit, Rini lan Bima banjur pamitan.

"Ati-ati, ya Nak!" ngendikane ibu, nampani salime bocah loro.

"Assalamu'alaikum..."

"Waalaikumsalam..."

Kanthi ati bungah lelurone budhal sekolah. Sabanjure mengko saka sekolahan menyang alun-alun kabupaten, melu *Festival* Dolanan Tradhisional.

Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki!

1. Apa irah-irahane wacan ing dhuwur?

2. Bima karo Rini sarapan jam pira?

   a. 06.00 esuk b. 06.15 esuk c. 06.30 esuk d. 07.00 esuk

3. Kena apa bocah loro budhal rada esuk?

   a. Tumbas sarapan b. Melu lomba c. Bidal sekolah d. Kerja kelompok

4. Bima lan Rini arep melu lomba apa?

   a. *Festival* Dolanan b. *Festival* Layangan c. *Festival* Mercon d. *Festival* Panganan

5. Ing endi lombane?

   a. Sekolahan b. Bale deso c. Lapangan d. Alun-alun

6. Jam pira budhale lomba saking sekolah?

   a. 06.00 esuk b. 06.15 esuk c. 06.30 esuk d. 07.00 esuk

7. Saka ngendi olehe budhal lomba?

   a. Alun-alun b. Omah c. Bale deso d. Sekolah

8. Karo sapa wae Bima lan Rini lomba?

   a. Rencang sekolah b. Bapak c. Ibu d. Kepolo Deso

9. Ing ngisor iki pesene Pak wibawa marang Bima, kejaba?

   a. Ojo ngeremehake b. Main sing apik c. *Sportif* d. Kudu menang

10. Apa wae manfaate dolanan tradhisional kang ditindakake kanthi bebarengan, kejaba?

    a. Guyub b. Rukun c. Tukaran d. Tambah sehat

11. Ten *Festival* Lomba Tradhisional, Rini badhe melu lomba nopo?

    a. Egrang b. Dakon c. Gasingan d. Layangan

12. Ten *Festival* Lomba Tradhisional, Bima badhe melu lomba nopo?

    a. Egrang b. Dakon c. Gasingan d. Layangan

13. Ten *Festival* Lomba Tradhisional, enten macem-macem lomba, kejaba?

    a. Egrang b. Dakon c. Gasingan d. Layangan

Cocokno paraga lan watake ing ngisor iki!

1. Bocah lanang, lemu, bekti marang wong tuwa, trengginas. (.....)	a. Rini
2. Bocah wadon, bekti marang wong tuwa. (.....)	b. Ibu
3. Ngerti gunane dolanan tradhisional, paring semangat putrane. (.....)	c. Bapak
4. Ngerti gunane dolanan tradhisional, paring semangat putrane. (.....)	d. Bima

Cocokno latar lan isenan ingkang bener ing ngisor iki!

1. Ing omahe Bima lan Rini. (.....)	a. Swasana
2. Esuk arep budhal lomba dolanan tradhisional. (.....)	b. Panggon
3. Bungah lan kebak pangarep-arep. (.....)	c. Wektu